Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 30 (9772) / 23 июль 2018 с. / итни 10 Зуль-Къаг1ада 1439 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




## Поздравляем!

*10 июля 2003 года Конституционным Собранием РД была принята новая Конституция Республики Дагестан, официально обнародованная 26 июля. День Конституции РД- один из главных праздников республики.*

### Уважаемые жители района!

Пусть этот праздник придаст всем вам уверенности в завтрашнем дне, в достижении намеченных целей.Желаем вам мира, благополучия,успехов в труде во имя процветания родной республики и России.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

## Къуват цIикIкIаралъ хисана...



Районцоязда лъала токил къуват гIолареб букIиналъ кьолеб зарал. Гьелъул хIакъалъулъ чIечIого бицунеб букIаниги, хисулеб жо цIакъ дагьаб гурони гьечIо. 2015 соналъ, районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаевасул бихьизабиялда рекъон, Ленинаул росдал **«Бурсум»** участокалда бана токил подстанция. Гьеб бан букIана Калининаул, Ленинаул ва Ц1ияб ГIаркьухъ росабалъ гIураб ток чIезабиялъе. (Дилималда бугеб подстанциялъул гьелъие къуват гIолароан). Къойидаса-къойиде токалде хIажалъи цIикIкIунеб бугони (цIиял микрорайонал, промышленниял предприятиял, гIадамаз хIалтIизарулел токил алатал ва гь.ц.), гьай-гьай, подстанциябазда, бакIазда лъезе ккола дагьалги къуватал трансформаторал.

Гьелъ, 17 июлалда Ленинаулалъул подстанциялда букIараб 1,6 мегаватт къуват бугеб трансформатор хисана 2,5 мегаватт къуваталъулалъ. Гьелъ рес кьезе буго Ленинаул ва Ц1ияб Гаркьухъ росабазе ток кьеялдаса **Дилималъул подстанция эркен гьабизе** (гьелдалъун гьелъие бигьалъи ккезе буго). «***Киналниги гьелда тIад гьарулел хIалтIаби анкьил ахиралда бет1ерaлде рахъине руго»,*** -ян абуна Дилималда бугеб токил участокалъул кIудияв мастер Мурад ГIабдулбасировас.

Гьелдалъун гьеб подстанциялда гьабулеб хIалтIи лъугIине гьечIо, хадусел соназ гьеб трансформатор хисизе буго 4 мегаватталъулалъ, (гьелъ рес кьезе буго Калининаул росулъеги гьеб подстанциялдасан ток кьезе). Рес рекъарабго, гьениб лъезе буго 8 мегаватталъул трансформатор.

Рехсараб хIалтIи гьабиялъулъ гIахьаллъаразул сияхI халатаб буго ва гьелъ гьезул цIарал гьанир рехсолел гьечIо. Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьеб хIалтIиялъулъ гIахьаллъарал тIолазего.

***Гьайирби Гьайирбиев, Калининаул росу.***

# Медалал кьуна



16 июлалда районалъул администрациялда тIобитIана гьаб соналъ цIали тIокIлъиялда лъугIизабурал цIалдохъабазе меседил медалал кьеялъул рохалилаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана-районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев И.И. Шабазов, заместителал: З.Н.Эмеев ва И.Б. Салимханов, райадминистрациялъул ва лъайкьеялъул Управлениялъул жавабиял хIалтIухъаби, мугIалимзаби, цIалдохъаби ва гьезул гIага - божарал.

ЦIалдохъабазе медалал кьолелъул И. И. Шабазовас абуна:***«Жакъа нилъеца кIодо гьарулел руго гьаб соналъ цIали меседил медалазда лъугIизабурал 17 цIалдохъан. Гьеб ккола исана школал лъугIун унел цIалдохъабазул 10%. Гьединал лъикIал хIасилал ккеялъулъ, гьай- гьай, буго цо цIалдохъабазул гуребги захIмат. Гьелъулъе уна умумузул, мугIалимзабазул захIматги. Жидер лъималазул цIалиялде жавабчилъи цIикIкIараб бербалагьи умумузги гьабуни, жидеда цере цIалулел лъималаз гьабулеб ишалде мугIалимзабазги кIвар кьуни, гьелъ хIасил кьечIого букIунаро. Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул ва дирго рахъалдасан баркула нужеда гIумруялъул нухда босараб тIоцебесеб бергьенлъи. РакIалде ккола, лъикIал ва лъай бугел специалисталлъунги рахъун, нуж тIадруссинин, щай гурелъул, нуж руго нижер «меседилаб» нахърател ва нужеда бараб буго районалъул букIинисеб»***,-ан.



Хадусан кIалъарал- депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гьирисхановас, районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул начальник М.-р.И. МахIамаевас лъималазда баркана меседил медалал щвей, гьарана гьезие щулияб сахлъи, рохел,талихI ва гьабулебщиналъулъ битIккей.

Гьединго, М-р.МахIамаевас гьениб абуна: ***«ЛъикI цIалиялдалъун ва школалъул гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабиялдалъун нужеца гъваридаб лъалкI тана гIагарал школазул тарихалъулъ. Божи лъола, районалъул, республикаялъул ва улкаялъул тарихалъулъги нужеца гьединабго лъалкI тезе букIиналда»***,-ян.

ЦIалдохъабазул рахъалдасан кIалъазе рахъарал –Замира ГIабдусамедовалъ**(ЛСШ №2)** ва Наида Мусаевалъ **(Дубки)** мугIалимзабазул коллективазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна жалго гIумрудул нухда тIоритIаралъухъ. Гьединго,гьез баркала кьуна тарбир тIобитIиялъе квербакъарал тIолазего.

***Информагентство «Салатавия».***

## «Конкурс - 2019»

## Лъ а з а б и!

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялъул хIурматалда, **«Чапар»** газеталъул редакциялъ лъазабулеб буго (цIалдохъабаздагун чIахIияздa гьоркьоб) **«Рагъулал бахIарзазе –даимаб рецц»** абураб темаялда конкурс.

Конкурсалде ритIулел сочиненияби, макъалаби, кучIдул ва гь.ц. рукIине ккола нилъер районалдаса ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIакъалъулъ.

ЛъикIаб букIина гьел макъалаби фронталдаса рачIарал кагътаздалъун ва суратаздалъун бечед гьаруни. Конкурсалъул хIасилал гьаризе руго 2019 соналъул 15-20 апрелалда.

Макъалаялда яги сочинениялда гьоркь рукIине ккола авторасул мухIканго хъварал-фамилия, цIар, хIалтIулеб, цIалулеб, яшав гьабун ругел бакIал ва телефоналъул номер.

2019 соналъул 1-аб.апрелалдаса хадур редакциялде рачIарал макъалаби конкурсалде къабул гьаруларо.

Конкурсалда бергьаразе кьезе руго ХIурматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Нижер адрес: **Казбек район, Дилим росу, «Чапар» газеталъул редакция.**

Эл.почта: **redakciya-chapar@mail.ru**

***Редколлегия***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Никто не забыт,..*

# Слово о герое

7 сентября 2014 года администрация СП **«село Ленинаул»** вынесла Постановление (№49) назвать одну из улиц селения (от дома Минсултана Хаджимурадова до дома Исы Жамуева) именем Героя Советского Союза Мавлида Алероевича Висаитова.

Однако, по неизвестной нам причине, торжественного мероприятия в честь этого не было.

Кем же был Мавлид Висаитов?

Он родился в 1918 году в селе Лаха Нёвре (Нижний Наур), ныне Надтеречный район Чечни.

В 1932 году он окончил кооперативный техникум. В Красной Армии служил с 1932 года. В 1935 году окончил Орджоникидзевскую пехотную школу, в 1941 году- кавалерийские курсы усовершенствования командного состава. К началу войны получил звание капитана. На фронте был с самого начала войны. Отличился в первых же боях.

В бою под Кирданами (Западная Украина) проявил личную храбрость, его эскадрон отразил несколько атак немцев. Был ранен.

Награждён орденом Красного Знамени. После возвращения в строй, был назначен командиром отдельного разведывательного батальона.

Решением командования был сформирован отдельный чечено-ингушский кавалерийский полк. После ранения его командира, полком стал командовать М.Висаитов. Непосредственный участник защиты г.Сталинграда, член ВКП (б) с 1942 года, командир гвардейского кавалерийского полка М.Висаитов не раз показывал примеры безграничного героизма в боях с фашистами. С боями дошел до Берлина. М.Висаитов был одним из первых советских офицеров, который встретился с передовыми американскими частями. Президентом США Гарри Трумэном М.Висаитов был представлен к ордену «Легион Почета».

В июне 1945 года М.Висаитов был представлен к званию Героя Советского Союза, но ему дали только орден Ленина.

С 1946 года подполковник М.Висаитов был в запасе. Жил в г.Грозный.

Написал книгу **«От Терека до Эльбы»**. О героическом пути Мавлида говорят его награды. Он награжден орденами: **Ленина (2), Красного Знамени, Суворова (3-я степень), Красной Звезды, Легиона почета (США)**, медалями: **За боевые заслуги, За оборону Сталинграда, За победу над Германией в Великой Отечественной войне 1941-1945г.г.).**

М.Висаитов умер в 1986 году. Похоронен в с.Надтеречное. 5 мая 1990 года справедливость восторжествовала, Мавлиду Висаитову было присвоено звание Героя Советского Союза. 8 мая 2010 года в г.Грозном был открыт памятник М.Висаитову. его именем названы улицы в городах: Грозный, Назрань, Ростов-на-Дону и ряда населенных пунктов.

Вот кем был наш герой Мавлид Висаитов.

*Минсултан ХАДЖИМУРАДОВ, с.Ленинаул*

# Мажлис тIобитIана




14 июлалда Алмахъ росулъ тIобитIана (2000-ялдаса цIикIкIун чи гIахьаллъараб) - Алмахъ, Калининаул ва Ленинаул росабазул жамагIатазул мажлис. Гьенире гIахьаллъана цоги районаздаса гIадамалги. Имам Шамилица рещтIен гьабураб гIурдалъиялда мажлисал тIоритIи гIадатлъун лъугьанин абизе бегьула, щай гурелъул, исанасеб мажлис гьенир тIоритIулел мажлисазул ункъабилеблъун кколелъул. Мажлис тIобитIулезул мурадлъун букIана исламалъ нилъеда тIад лъурал, тIурачIого бегьуларел, - хьвада-чIвадиялъул, гIадлу-низам цIуниялъул, гIолеб гIелалъе рухIияб тарбия кьеялъул суалазда тIасан гара-чIвариял гьари. Гьезда хурхарал кIалъаял гьаруна - Хасавюрт районалъул ЦIияб Инхело росдал дибир ГIабдула Нуцалхановас, СагIид-Афандил цIаралда бугеб ДТИялъул кIудияв мугIалим М.-хIабиб ГIабдулвагьабовас, Ленинаул росдал имам ГIамиргIали Абубакаровас, Хасавюрталъул кIудияб мажгиталъул имамасул заместитель Камильгере Салгереевас ва нилъер районалъул имамзабазул Советалъул председатель АхIмадрасул Качалаевас.

ГIадамаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна мажлис гIуцIиялъе квербакъаразе. ГIурдалъиялда тIобитIулеб букIаниги, данделъи гIуцIараз гIадамазе гьенир гIезегIанго санагIалъаби чIезарун ругоан.

*С.САЛИХ1ОВ, Гъизилюрт шагьар.*

***Дилим росдал школалъе (лицей) -100 сон!***

# ГIасруялъул тарихалъулъ...



Цо-цо инсан вачIуна дунялалде, жиндир гIумру гIадамазда цебесан цIвалъун паркъун унеб, амма жинца халатаб заманалъ яги даималъ инсаниялъул тарихалъулъ гъваридаб ва тIагIин гьечIеб лъалкI толев. Гьединазул къадар цIакъ дагьаб буго. Гьединго, рукIуна гIадамал (гьел гIезегIанго руго) жидеца тIаде босараб иш, ракIа-ракьанде щун, ракIбацIцIад, лъицаниги рагIи абилареб къагIидаялда гьабулел. Гьединазул хьвада-чIвадиялде балагьун, цогиязулги гъира бала гьабулеб иш кколеб къаг1идаялда нухда тIобитIиялъе тадбиразда тIад хIалтIизе. Гьединавлъун, мисал жиндасан босиялъе мустахIикъавлъун вукIана **МухIамадрасулов Абубакар СултанмухIамадовичги**. (Гьесда **«Сахратула»**,-янги абулаан). Абубакар гьавуна 1950 соналъ Дилим росдал гIадатияб колхозниказул хъизаналда. Жеги гьитIин вукIаго бижана гьесулъ спорталде рокьи. Школалда цIалулеб заманалда гьев гIахьаллъулаан спорталъул батIи-батIиял тайпаби жанире рачарал къецазда (тIадагьаб атлетика, футбол, волейбол ва гь.ц.) ва Абубакарица (районалъулгун республикаялъул даражаялда т1орит1улел къецазда) росулаан призалъулал бакIал. 1967 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIизабурав гьесда цебе чIечIо **«Киве цIализе инев»**, -ан абураб суал. Советияб Армиялда жинда тIадаб рагъулаб хъулухъги тIубан тIадвуссарав (1971 сон) Абубакар лъугьана ДГПИялъул физкультураялъул факультеталде.

Факультеталъул гIумруялъулъги Абубакарица жигараб гIахьаллъи гьабулаан.

1976 соналъ, бергьенлъиялда институтги лъугIизабун, Абубакар гIагараб росулъе тIадвуссана ва росдал школалда физкультураялъул мугIалимлъун хIалтIизе лъугьана. КъамартIаб лагаялъул, г1адан тIаде цIалеб рази-ракияб гьумералъул, нечадго, гьаракь борхизабичIого, гьабулеб каламалъул, цо жиндиего хасаб гьимиялъул гIолилав вачIинахъего къабул гьавуна школалъул мугIалимзабазул коллективалъ, цIалдохъабаз ва умумуз. Махсаро-хочI бугев, гьеб бичIчIунев, бицунеб хабар дандиясулгун рекъезабун бажарулев Абубакар вукIана тIабигIаталъго вижарав гIуцIарухъанлъун, тарбиячилъун ва насихIатчилъун. Гьел рахъалги хIисабалде росун, гьоркьоб заман бахъилелде, А.МухIамадрасулов тIамуна тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместительлъун. Гьеб хIалтIуда тIатана Абубакарил цIалдохъабазе тарбия кьеялъе бугеб махщел. Школалъул (дарсал тун къватIисеб) гIумру гIуцIи кинаб даражаялде гьес бахинабун букIарабали бицуна цIалдохъабаз батIи-батIиял къецазда росулел рукIарал бергьенлъабазгун призалъулал бакIаз. Живгоги гIахьаллъулаан Абубакар спорталъул къецазда, узухъда гьесдасан мисал босулаан цIалдохъабазги. Кумекалъе хIадуравлъун, кIвахIгьечIевлъун, лъик1лъи гьабиялъе заманалда барахщунаревлъун лъалаан гьев росдал гIадамаздаги.

Абубакарица ракIбацIцIад, бажарун хIалтIи гьабулеб букIараблъи бихьизабула **«Россиялъул лъайкьеялъул отличник»** абураб цIаралъ, лъайкьеялъул министерствоялъ, РайОНОялъ, школалъул дирекциялъ гьесие кьурал ХIурматалъул грамотабаз ва цогидалги шапакъатаз.

Къокъаб, амма гвангъараб, цогиязе мисалияб букIана гьев лъикIав инсанасул гIумру. Аллагьас Алжан насиб гьабун батаги гьесие.

**P.S. 1992-2013 соназ Абубакарил хIурматалда районалда тIоритIулаан волейбол хIаялъул турнирал, амма щаяли лъаларо, гьел гьоркьор къотIизе тана. Дир пикруялда, лъикIаб букIинаан гьел тIоритIи цIи гьабуни.**

*ХI.ГI.МУРТАЗГ1АЛИЕВ, лицеялъул мугIалим.*

# Ишахиса лъим...



Г1емерал соназ бицунеб бук1ана Ахъташ лъарал бет1ералдаса Буртунай, Дилим, Гъозтала, Ичк1а росабалъе лъим бачине ккколин абун.

Гьеб х1алт1и пачалихъалъул программалде гъорлъе ккезабеян Госдумаялде, Халкъияб Собраниялде нилъер районалдасан рихьизарурал депутатазда т1адги къан бук1ана, амма гьеб лъим бачин бицалъ хут1ана.

Гьал г1агарал къояз, Буртунай росдал жамаг1аталъул вакилзабазул ва росдал бет1ер Ах1мад Салмановасул х1аракалда, х1укму гьабуна, росдал г1адамазул къуваталдалъун, росулъе **«Ишахи»** участокалдаса лъим бачине. Цадахъ х1алт1изе бицана Дилим ва Алмахъ росабазул жамг1иял церехъабазги.

Гьедин, 11 июлалда Ах1мад Салмановас, жамг1ияв цевехъан Дада Гъазимух1амадовас, райадминистрациялъул х1алт1ухъан Шамил Расуловас, Дилим росдал бет1ер Ибрагьим Мух1амадовас, жамг1иял х1аракатчаг1и: Мух1амадхасир Хасировас, Муслим Т1алх1атовас, Ганжабай Г1абдулбасировас ва Дагъистаналъул г1олилазул регионалияб г1уц1иялъул вакил Марат Хадаевас, Мах1ачхъалаялда яшав гьабун ругел Залимхан ва Давуд Хайрулаевалгун цадахъ, сапар бухьана Ахъташ лъар байбихьулеб **«Ишахи»** участокалде. Гьезда цебе ч1араб масъала бук1ана лъим бачине рог1рал лъолел бак1азда г1ужал гьари.



Т1адехун ц1арал рехсарал гьалмагъзабаз, гьеб участокалъул лъабго бут1а гьабун цо бут1аялда, дазу-г1орхъи гьабуна. Хадусеб къоялъ гьенире щвана - Алмахъ росдал жамг1ияв цевехъан Салман Сахрудинов, **«Цогояб Россия»** партиялъул исполкомалъул бак1алда бугеб отделениялъе нухмалъулев Саг1ид Алтумирзаев, Буртунай, Дилим росабазул бут1рул: Ах1мад Салманов ва Ибрагьим Мух1амадов. Х1укму ккана 19 июлалда **«Ишахи»** участокалде х1ажатаб техника щвезабизе ва х1алт1уде байбихьизе.

Х1исабалде босун буго, къокъаб заманалда, алмахъазул рит1уч1азул фермаялде т1адехун щвезег1ан, пластмассалъул рог1ралги цоцалъги регъон, лъим чвахизабизе.

Гьелъие, гьай-гьай, х1ажалъула г1олилазул кумек. **«Хасавюрт-Кьохъ»** шагьранухалъул **«Мич1ч1ил к1к1ал»** участокалдаса гьел рог1рал лъолеб бак1алде буго транспорт унареб, лъабгоялде г1агарун километралъул манзилалда, к1к1алал, щобал, гох1ал ва кьураби.

Бук1ани щиб, инсанасул кверазе мут1иг1лъулареб бак1 гьениб гьеч1о. Умумузул аби буго: **«Жамаг1аталъул газа кьурдаги рек1уна»**, - ян.

Хаслихълъи щвелелде Алмахъ росдаде т1адехун лъим чвахизабизе х1аракат бахъизе ккола. Нилъер щивас гьеб ишалъулъ цо гьит1инаб бут1а лъуни, - кинабго рук1алиде ккола.

**Информцентр.**

# Россиялъул волонтерстволъул гьанжесеб ва букIинисеб...



**Волонтерство** (латин мацIалдаса бачIараб), живго разилъун ва мухь гьечIого, жамгIияб хIалтIи гьаби, кумекалъе вахъин.

ТIадехун рехсараб цIаралда гъоркь, дагьал цереги1ан къояз Алмахъ росулъ тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана –районалъул Централияб библиотекаялъулгун бакIалъул библиотекаялъул, росдал администрациялъул хIалтIухъаби, цIалдохъаби ва гь.ц.

Данделъи тIобитIиялъул мурадлъун букIана гIолеб гIел тIахьалгун гьудуллъи кквеялде ва волонтеразулаб багъа-бачариялъулъе цIай.

Данделъиги рагьун, гьелъул мурадги бицун, Наида Расуловалъ (бакIалъул библиотекаялъе нухмалъулей) гьениб бицана библиотекаялъулгун цIалдохъабазул бугеб бухьеналъул, гьез хIажалъи ккарал херазе, инвалидазе кумек гьабиялъул, къойидаса-къойиде гьединал ишазулъ гIахьаллъулезул къадар цIикIкIунеб букIиналъул.

Волонтеразулаб багъа-бачари Россиялдагун республикаялда тIобитIулеб ва гьелъулъ гIахьаллъулезул къадар цIикIкIунеб букIиналъул бицен гьениб гьабуна Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М-хIабиб МухIамадхIабибовас.

Гьес абуна: ***«Нижер заманалда цIакъ тIибитIун букIана херазе, сакъатазе ва хIажалъи ккаразе кумек гьаби. Гьелъулъ гIахьаллъулаан цIалдохъаби (пионерал, комсомольцал), гьезда «тимуровцал»-анги абулаан, студентал ва гь.ц. Гьеб лъикIаб гIадат кIочонтун букIана. Ахириял соназ гьеб цIилъулеб буго. Гьеб цIилъизаби битIарабги буго, щай абуни, кумек гьаби Аллагьасул кириги гIадамазул баркалаги щолеб иш ккола. Нилъ нугIзаллъун руго батIи-батIиял форумал, чемпионатал ва гь.ц. тIоритIиялъе Россиялъул гIолилаз гьабулеб кумекалъул. Хасго гIемер бицана ва хъвана Каспийскалда тIобитIараб Европаялъул эркенаб гугариялъулгун гьабсагIат тIобитIулеб бугеб дуньялалъулго футбол хIаялъул чемпионатазда гIолилаз гьабураб ва гьабулеб бугеб кумекалъул хIакъалъулъ. Лъалеб букIахъе, гьаб 2018 сон Россиялъул Президент В.В.Путиница лъазабун буго волонтеразул Сонлъун.***

***РакIалде ккола нилъер гIолилаз гьеб пайда цIикIкIараб хIалтIи нухда теларин ва гьелъулъ гIахьаллъулезул къадар къойидаса къойиде цIикIкIинин»,*** -ан.

Гьединго, данделъиялда бицен гьабуна тIахьал цIалиялъул бугеб пайдаялъул ва гьеб рахъалъ росулъ бугеб ахIвал-хIалалъул.

Тадбир гIуцIаразда ва цIалдохъабазда гьоркьоб гьениб букIана «чIагояб» гара-чIвари.

Данделъиялъул ахиралда, росдал администрациялъул рахъалдасан, бищунго цIикIкIараб къадар тIахьазул цIаларал цIалдохъабазе гьенир кьуна гIарцулал сайгъатал. Гьел ккола – Зайнап Тупаева, Сукайнат Зиярудинова ва Саибат Нургишиева. Тадбир ахиралде щвана цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

*Манарша САГ1ИДОВА, Буртунай росу.*

# Мухlамадхlабибил бергьенлъаби

ДГУялъул студент МухIамадхIабиб Имамирзаев (Алмахъ росу) ккола Дагъистаналъул студентазул, волейбол х1аялъул рахъалъ, данде гьабураб командаялъул членлъун. Араб кIиго соналъ гьеб команда бахъана РФялъул студентазул (волейбол хIаялъул рахъалъ) Ассоциациялъул чемпионлъун ва гьелъие рес щвана Европаялъул студентазул Лигаялъул чемпионаталъулъ гIахьаллъизе.

Гьал къояз Белгород шагьаралда тIобитIулеб студентазул 9-аб. спартакиадаялда нилъер командаялъул рес буго лъабабилеб бакIалде бачIине. Гьелда цебе гьеб команда бахъана, Дагъистаналъул гIолилазда гьоркьоб, СКФОялдагун ЮФОялда тIоритIарал къецазул чемпионлъунги.

23-24 июналда Кабардино-Балкариялда тIоритIарал (гьеб республикаялъул бетIерасул кубокалъе гIоло) ва 8 команда гIахьаллъараб къецаздаги нилъер командаялъ босана цоабилеб бакI. Гьел къецаздаса хадуб, Избербаш шагьаралда тIоритIарал СКФОялъул пляжалда волейбол хIаялъул къецаздаги гьеб чемпионлъун бахъана.

Россиялъул спартакиадаялдаса хадуб, нилъер команда ине буго Португалиялда тIобитIизе бугеб Европаялъул чемпионаталде.

*С.САЛИХ1ОВ, Гъизилюрт шагьар*

# Х1абиб – калмыказул авлахъалъул гьудул



Г1емераб заман инч1о Афгъанистаналда бук1араб рагъда г1ахьаллъарал ракьцоялгун ва г1агарда ругел регионаздаса гьебго рагъул ветераналгун дир лъай-хъвай ккаралдаса. Афгъанистанияб вацлъи – гьел цого раг1аби гуро, дида раг1абаз кинго кьезе к1оларо гьенир рагъда г1ахьаллъаразул унго-унгояб гьудуллъи, г1емерал сонал аниги, гьеб чучлъунги гьеч1о. Гьел г1емер дандч1вала, бадиб маг1у хулун, цоцазда къочула ва рак1алдещвеязул харбилъе лъугьуна.

Гьаб соналъул ихдал, ц1ар раг1арав цо «**афгъанцасул**» (Олег Дорджиев) юбилеялде рак1арана Россиялъул г1емерал регионаздаса рагъул гьалмагъзаби. Цо ккараб гара-ч1вариялда Олегица абуна: ***«Дагъистаналда вуго дир рагъулав гьудул Х1абиб, гьес Афгъанисталда дун хвалдаса хвасар гьавуна»***, - ян.

Афгъанцазда гьоркьов дида Х1абиб ватана. Гьес г1умру т1амулеб бугоан Хасавюрт шагьаралда (Гьев ккола нилъер районалдаса). Рак1г1ат1идав, гьалбал хирияв чи вугоан гьев. Бизнес гьабулев Х1абиб г1езег1ан г1адамазда лъалевги вугоан. Калмыкиялдаса г1адамал дандч1вани, гьес гьезие х1ажатаб кумек гьабулеб бугоан. Къокъгьабун абуни, жинде х1ажалъи ккарасда аск1осан, вихьич1еб ххвел гьабун, къот1улеб г1адат гьесул гьеч1оан. Калмыказде гьесул бугоан хасаб бербалагьи, щай абуни, гьезул г1олохъаби рук1ун руго гьевгун Афгъанистаналда. Рит1ухъаб гуреб ва бич1ч1унареб гьеб рагъ бук1иналде нилъер г1олохъаби балагьич1о, гьез т1убазабуна рагъухъанасулаб т1адкъай, американцаз абухъе «**гьел рук1ана солдатал**».

Х1абиб армиялде ана 1985 соналъул 6 маялда, гьеб гьесда ахираб къо щвезег1ан к1очене гьеч1о. Ц1али. Сержантазул школа. Туркменистан. Гьениса самолеталда Афгъанистаналде. Гьениб гьес бахъана лъаг1елгун бащдаб.

Х1абибица бицана: «***Дун ккана разведротаялде. Олег Дорджиевасдаса 6 моц1алъ дун к1удияв вук1ана. Цо нухалда дирги гьесулги къец ккана ва ниж цоцазда реч1ана. Гьев вук1ана щок1олав, борохь кинниги, кквезе зах1матав чи. Олег вук1ун вуго гугарухъан, дида гьеб лъалароан. Гьай-гьай, гьелдаса хадуб ниж гьудулзабилъун лъугьана. Цоцазе г1оло ц1адулъе инеги ниж х1адурал рук1ана.***

***Доб къоялъул рагъ дида киданиги к1очене гьеч1о. Гьеб ккана 1987 соналъ Саланг абураб бак1алда. Афгъанистаналдаса нахъе рачунел рук1ана 5 полк, гьеб бук1ана х1албихьи. Нижер часталдаса гьенибе бук1ана 80 км. Нижеца нухда рег1изе кколаан гьел полкал. Нижер разведгруппа унеб бук1ана цо к1к1алахъан. Гьенир киса-кирего лъун рук1ана минаби ва нух гьездаса бац1ц1ад гьабизе кколаан. Душманаз абун бугоан: «Цониги шурави (афгъанцаз нилъер солдатазде гьедин абулаан) гьанисан ч1аго нахъе ине гьеч1о», - ян. Сапёрал ана минаби рахъизе, ниж абуни (12 чи), дагьал т1адег1анги рахун, гьел ц1унизе лъугьана. Нижер лъабгояв (дун, Олег ва цо солдат) дозоралда (цебесеб кьерда) рук1ана. Ниж цодагьалъги т1адег1ан рахана ва дида бихьана кьурда нахъасан цо жо паркъулеб. Дица Олегида абуна: «Олег, лъалхъе, дора цоял ругин ккола», - ян. Гьесие цевехун ине бокьана, дица виччач1о, аслияб группа бач1инег1ан ч1аян абуна. Гьеб т1аде щвегун, нижеца рациялдасан миномётчиказда гьарана кьуроялде нахъехун кьвагьеян. Гьез нижер гьари т1убазабуна ва ниж церехун ана. Нижедаги дущманаздаги гьоркьоб къокъабго рагъ ккана ва гьел нахъе къана. Гьениб гьезул кванил ниг1матазул т1убараб склад бугоан. Кумекги т1алаб гьабун, ниж дагьалги т1адег1ан рахана. Гьенибги ккана рагъ, амма душманал нижеца церехун риччач1о. Сапёрал гьениса нахъе рачун хадусан, складалги, нижеде кьвагьдезе х1адур гьарун рук1арал бак1алги гьез щущазаруна. Гьеб бак1алда нижеца «ганч1ил таргьа», - ян ц1ар тана, щай гурелъул, гьениб щвезабулаан душманаз кидаго кьаби. Гьеб рагъда щвана дие «Баг1араб ц1ва» орден»,*** - *ан.*

Гьединал лъугьа-бахъинал Х1абибил рагъулаб г1умруялъулъ г1емер ккана. Афгъанцазе бокьуларо гьеб рагъул бицине.

Олегица бицана: «***Дун разведгруппагун унелъул т1оцеве вук1ана. Х1абибида бихьун бугоан снайперасул тунк1ида ишан босиялъе бук1унеб хасаб приборалъул (оптический прицел) кунч1и. Гьес дун цевехун виччач1о ва гьелдалъун дир г1умру хвасар гьабуна»***, - ян.

Армиялдаса т1адвуссунелъул, разведкаялъул взводалъул командирас Х1абибида (гьев вук1ана заместительлъун) гьикъула: «***Дурго бак1алда тезе мустах1икъавлъун щив дуца рик1к1унев***», - ан. «***Олег***», - ан къокъаб жаваб кьола Х1абибица.

Х1абибил йиго цо яс ва к1иго лъимадул лъимер. Цебего г1адин, нагагь жиндихъего «**авлахъалъулал**» рач1ани, гьес абула: «***Калмыкиялда пуланав чи лъалищ…***»

*«Калмыкиялъул х1акъикъат» (Хальмг ҮНН)*

# Нух бит1аги нужее, ц1алдохъаби!

Гьединаб ц1аралда гъоркь дагьал цереги1ан къояз т1обит1ана (районалъул библиотекаялъул ц1алдолезул залалда) Дилим росдал лицеялда 9 класс лъуг1ун унезе аттестатал кьеялъул данделъи. Районалъул Централияб библиотекаялъул х1алт1ухъабазул х1аракатчилъиялда т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана 9 классалъул ц1алдохъаби, гьезул умумул ва цогидалги.

Классалъе нухмалъулей Хадижат Дадаевалъ гьениб абуна: «**Инч1го класс лъуг1ин буго г1умруялъул нухде т1оцебесеб гали т1амизе ихтияр щвей. Лъай боси, узухъда, гьелдалъун лъуг1унаро. Нужер цо-цоял ина къват1ирехун ц1ализе, цогияз г1агараб школалда босила гьоркьохъеб лъай. Кире кканиги, нужеца лъай боси гьоркьоб къот1изе тоге, лъай гьеч1они, г1умруялъ цере лъурал масъалаби бет1ералде рахъинаризе зах1малъула. Кире кканиги, лъай бугел къиматалдаги рук1уна. Дица баркула нужеда 9 класс лъуг1ин ва г1умрудул болъодул т1оцебесеб х1ок1алда х1ет1е лъейги. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва рек1ел мурадал т1урай»**,-ан.

Хадусан к1алъарал – Саг1адат Джаватхановалъ ва Рисалат Дибировалъ (умумузул рахъалдасан) рак1 – рак1алъулаб баркала загьир гьабуна лъималазе лъайгун тарбия кьурал муг1алимзабазе ва тадбир т1обит1иялъе квербакъаразе.

К1алъаяздаса хадуб, лицеялъул дирекциялъул рахъалдасан, ц1алдохъабазе аттестатал кьуна Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М-х1абиб Мух1амадх1абибовас.

Халатбахъараб хъатч1ваялдалъун, данделъиялъул г1ахьалчаг1аз к1одо гьаруна «**Баг1арал**» аттестатал жидее щварал - Разият Лат1ипова ва Рукъият Г1азизова.

Данделъи ахиралде щвана цадахъаб сурат бахъиялдалъун. Тадбир махщалида бачана Равзанат Мух1амадхайрулаевалъ.

*Пат1имат САЛМАНОВА, Дилим росу.*

# Конкурс «Мой Дагестан»

В Республике Дагестан стартовал сбор заявок на участие в кадровом конкурсе управленцев **«Мой Дагестан»**. Об этом 12 июля 2018 года на пресс-конференции в Махачкале сообщил временно исполняющий обязанности Главы Республики Владимир Васильев.

Конкурс по его поручению проводит Правительство Республики Дагестан при поддержке автономной некоммерческой организации **«Россия — страна возможностей»**, которая занималась организацией всероссийского конкурса управленцев «Лидеры России».

Во время встречи Владимира Васильева с Президентом России Владимиром Путиным, он рассказал о запуске второго этапа формирования кадрового резерва по аналогии с президентским резервом и получил одобрение главы государства.

Выступая на пресс-конференции, Владимир Васильев подчеркнул необходимость совершенствования системы управления Дагестана и повышения качества жизни в регионе. **«Мы хотим пригласить людей, имеющих опыт, для решения сверхсложных задач. Это тот лифт, который так давно все ждали. Лифт наверх — в высшие эшелоны власти: и республиканской, и муниципальной»**, — сказал врио Главы Республики.

По его словам, планируется найти талантливых руководителей и ввести их в систему государственного и муниципального управления, расставить на ключевые позиции в сферах здравоохранения, образования, энергетики, строительства, транспорта и других. Владимир Васильев отметил значимость этого конкурса для региона и его населения: **«Это надежда Дагестана на лучшую жизнь людей и процветание нашей страны. Прошу вас принять участие в этой важной работе».**

В конкурсе будут использованы современные методики оценки, которые уже показали свою эффективность в ходе **«Лидеров России»**. Как рассказал руководитель блока оценки Павел Безручко, для участия в конкурсе «Мой Дагестан» необходимо иметь гражданство РФ и законченное высшее образование. Конкурс **«Мой Дагестан»** будет проводиться в два этапа: дистанционное онлайн-тестирование управленческого потенциала и оценка управленческих компетенций в формате очных мероприятий.

Конкурс направлен на поиск людей с высокими управленческими навыками, но это не единственная цель. «Мы хотим найти людей честных. Мы хотим найти людей, которые будут заботиться о благе граждан и процветании Республики, а не только о своих личных интересах. Если очень просто, тот, кого мы ищем в этом конкурсе, — инициативный, профессиональный человек с нормальными нравственными ориентирами», — рассказал он.

За строгим соблюдением правил конкурсных процедур будет следить Наблюдательный совет конкурса. Его возглавляет председатель Совета старейшин при Главе Республики Дагестан Абдулла Магомедов.

**«Это очень большое доверие — быть председателем Наблюдательного совета. Наблюдать — значит изучать, исследовать, анализировать, как идет процесс, и потом доложить свое мнение Главе Республики. В Наблюдательный совет конкурса вошли уважаемые, известные в Республике люди»**, — сказал Абдулла Магомедов.

Он отметил, что Правительство Республики заинтересовано в укреплении взаимного доверия между властью и населением. **«Конкурс — один из способов вести конструктивный диалог, вовлекать в развитие региона самых достойных»**, — сказал председатель Наблюдательного совета.

Весной этого года прошел конкурс по формированию резерва управленческих кадров Республики Дагестан, в котором приняли участие более тысячи человек. В результате был сформирован кадровый резерв из 61 человека, 14 из них уже получили назначения на руководящие позиции в органах государственной и муниципальной власти Республики. Один из них — новый заместитель министра транспорта и дорожного хозяйства Республики Дагестан Сераждутдин Айгумов. На пресс-конференции он рассказал, что конкурс позволил ему иначе взглянуть на свои профессиональные качества и раскрыть управленческий потенциал.

**«Открытость и прозрачность конкурса [в кадровый управленческий резерв Республики] не вызывает никаких сомнений. Все конкурсанты прошли все процедуры четко, ясно и открыто. Участники продолжают общаться друг с другом. Я надеюсь, что этот дружный и слаженный коллектив в конце концов окажет воздействие на формирование и экономическое развитие нашей родной Республики»**, — рассказал Айгумов.

По его мнению, участие в кадровых конкурсах — это отличная возможность для талантливых и высокопрофессиональных руководителей. **«У любого гражданина России, у любого моего земляка-дагестанца есть возможность прийти во власть и сделать что-то полезное и нужное для развития своей Республики»**, — добавил Айгумов.

Этап сбора заявок продлится до 29 июля. Для участия необходимо зайти на сайт **мой.дагестан2018.рф**, заполнить форму заявки, написать эссе и отправить на электронную почту - **priem-kmd@e-dag.ru**.

**Справка:**

**«Мой Дагестан»** — кадровый конкурс, целью которого является отбор высокопрофессиональных руководителей, способных эффективно работать на благо Республики. Финалисты конкурса войдут в кадровый резерв Республики Дагестан и получат шанс дальнейшего трудоустройства в органы власти и организации Республики.

**«Россия — страна возможностей»** — это открытая платформа, которая осуществляет отбор, экспертизу и поддержку проектов, направленных на обеспечение работы эффективных и справедливых социальных лифтов. Проектная платформа рассчитана на перспективных управленцев, предпринимателей, молодых профессионалов, волонтеров и школьников.

**Инсан ва тIабигIат**

## *Кириги баркалаги щолеб хIалтIи*



*Унго – унголъун чияс*
*Цо иш т1аде босани,*
*Вабиллагь, бахъула гьес*
*Хъат базе к1оларебги.*
***Мах1муд – Апанди.***

Нилъеца гIумру гьабулеб буго тIабигIат берцинаб районалда. Гьанир ругел расалъабаз, рохьаз, чвахулел лъараз, бацIцIадаб гьаваялъ, гьединго, цIорорал иццаз рекIее кьола рохел, гьарула хIайран.

Лъел чилиялъ тIаде цIаларев чи вукIунарев ватила, амма цIорораб иццул чвахиялъ гьабулеб асар хасаб букIуна. Гьелда кIал чIвараб мехалъ гIажаибаб чIаголъи лъугьуна чорхолъе. Гьеб буго тIабигIаталъул хIикматги баракатги.

Лъицаха гьелъул пикру гьабулеб? Иццуда аскIоб рацIцIалъи цIунизе квер лъица бегьулеб? **«ГIурус»** нухдасан (Дилим) унезда бихьун батила нухлул рагIалда бугеб иццю. Гьеб я къунаро, я хIабургъунаро. Гьелъул пайда буго нухлулазеги росдал гIадамазеги. Хасало росулъ иццал цIорораб яги, цIадал ран, лъим хIабургъараб мехалъ, гIезегIанго гIадамал рачIуна гьенире лъим босизе. Гьедин букIаниги, лъикIаб ахIвал-хIал букIинчIо иццуда сверухъ бакIалъул. Лъим цIезе рачIунезцин бачIунаан гьениб бугеб кIкIалахъе базе кьищни-къулалъул пакетал. Гьанжейин абуни, гьеб бак1алъул сипат т1убанго хисун буго. Къаси лъим цIезе рачIунезе иццухъ чIезабун буго канлъи. Кьищни-къулалдаса бацIцIад гьабун буго сверухълъи. Аллагьасул рахъалдасан кириги жамагIаталъул баркалаги щолеб хIалтIи гьениб гьабизе ракIалде ккарав чи вуго Дилим росулъа МухIамадов МухIамад (Киляс).

***«Реццги цIарги дие къваригIун гьабураб хIалтIи гуро гьеб. Бокьун буго лъим цIезе рачIаразе жеги т1адеги санагIалъаби чIезаризе. Кумекалъе рахъинин абулел гIолохъабиги руго»***, -ян абуна МухIамадица. Бихьулеб букIана ***«ГIадамазе ва росдае гIоло»*** абураб ахIи гьесул рекIелъ букIин. Гьединаз гьабула нилъер гIумру берцин, гьез тола ракьалда гъваридаб лъалкI. ЛъикIлъи гьабизе киданиги кватIун букIунаро.

***ХI.КАРИМОВА.***

# Прокуратура сообщает...

Прокуратура района утвердила обвинительный акт по уголовному делу в отношении местного жителя. Он обвиняется в совершении преступления, предусмотренного ст. 264.1 УК РФ (нарушение правил дорожного движения лицом, подвергнутым административному наказанию).

Установлено, что в июне 2018 г. на окраине с. Дылым он, будучи подвергнутым административному наказанию за управление транспортным средством в состоянии алкогольного опьянения, вновь сел за руль автомобиля в нетрезвом виде.

Противоправные действия мужчины были пресечены сотрудниками ОМВД.

Уголовное дело прокуратурой направлено в мировой суд для рассмотрения по существу.

***М.М.ХАЛИЛОВ,***
***прокурор района, старший советник юстиции***

# Лъалищ нужеда?

1. Гитлерил эбелалъе аборт гьабизе бокьун бук1уна, амма тохтурзабаз гьей гьелдаса инкар гьабизе мут1иг1 гьаюла. (мут1иг1 гьаюнг1аги йик1инч1ейани,…)
2. **«Хъах1илаб»** киталъул (китазул цо тайпа) бидурихьахъ лъимер **«лъедезе»** бегьула.
3. Инжилалъул **«Г1умруялъул т1ехь»** абураб бут1аялда бихьизабухъе (1:20-22) г1анк1у хоноялдаса цебе бижун буго.
4. Дунялалъул миллиардеразул бищунго ц1ик1к1араб къадар Москваялда буго, гьенибго - дунялалда бищунго хехаб метроги.
5. Грециялда цо чи хун вуго жиндирго х1амица инжир кваналеб къаг1идаялда т1ад велъанхъулаго.

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип*
*ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация*
*МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул)*
*адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,*
*368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №100 Тираж 1076*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД*
*19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*